# Isbilermenler menen ashıq sáwbetlesiw bolıp ótti

Respublikamızda isbilermenlikti rawajlandırıw, isbilermenlerge qolaylı sharayatlar jaratıw boyınsha bir qansha jumıslar ámelge asırılmaqta. Usı yigilikli islerdiń nátiyjesinde búgin Qaraqalpaqstanda jigirma mıńnan aslam isbilermenlik subektleri xalıqqa sapalı xızmet kórsetpekte.

Image not found or type unknown

Bul islerdi nátiyjeli dawam ettiriw maqsetinde Húkimetlik komissiya tárepinen orınlarda qabıllawlar shólkemlestirilip, onda isbilermenler menen ashıq sáwbetlesiwler ótkerilmekte.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Húkimetlik komissiyanıń gezektegi qabıllawı Nókis qalasında bolıp ótti. Onda respublikamızdaǵı 100 den aslam isbilermenler ózleriniń múrájatların bildirdi. Atap aytqanda kredit alıw hám tólew múddetin uzaytıw, imarat qurıw, licenziya hám ruqsatnamalar alıw sıyaqlı múrájatlar bildirildi. Isbilermenler tárepinen bildirilgen múrájatlardıń basım kópshiligi ornında óziniń unamlı sheshimin taptı.
Sonday-aq, múddet talap etiletuǵın múrájatlar qadaǵalawǵa alınıp, tiyisli juwapkerlerge tapsırmalar berildi.